République du Sénégal

Ministère de l'Education nationale

# Tànk-ndànk 1

## Wolof

2018

©

USAID
DU PEUPLE AMERICAIN

Ce travail est disponible sous la licence Creative Commons Attribution 4.0 IGO. Sous cette licence, il est accordé le droit de copier, de distribuer, de diffuser et d'adapter ce document y compris à des fins commerciales selon les conditions énoncées sur le site électronique suivant :
https://creativecommons.org/

# Li téere bi ëmb

Waa kër gi .......... 4

Léebu Maam Gànna .......... 12

Muusu Mataar .......... 20

Tataa Sali .......... 28

Ginaar ak jasig .......... 36

# Waa kër gi



Muus mi dina fo ak man.




Tataa Mari teg na meew mi.



Ba mu noppee mu sédd ñépp.



Sama rakk tette na Isaa.



Guddi jot na.



Sama mag boot Issaa mu nelaw.



Sama maam dina nu léebal.



Maam ñaan na ku ne tëri.

# Léebu Maam Gànna



Maam Gànna toog na ci ëtt bi.



Góor ak jigeen wër nañu ko.



Dafa leen di léebal.



Bukki dafa fal boppam buur.



Mu daldi dóor dënnam faf daanu.



Bukki jóg gis ku ko tiim.



Mu tiit ñépp di ko ree.



Mu rus wokk boppam wone ginnaaw.

# Muusu Mataar



Mataar dafa fekk muus mu tëdd.



Muus mi mel ni dafa sonn.



Mataar laal na ko.



Muus mi ne nemm.




Mu daldi ko fab dem.



Noonu mu won ko rakkam Sali.



Sali wutal na ko meew.



Muus mi naan ba biiram fees.

# Tataa Sali



Tataa Sali sol na robbam.



Defar na musoor gu rafet.



Bi mu noppee taal na añ.



Ba ceeb ba ñoree mu woote.



Kër gi dafa fees aki gone.



Nu ñëw booloo lekk ba suur.




Tataa Sali du dóore du saaga.




Foo ko gis bëñam dina feeñ.

# Ginaar ak jasig



Ginaar dafa wéet lool ci këram.




Mu wër amul ku mu fowal.




Mu geestu gis aw nag tëdd.



Picc ubbi na laafam upp ko.




Ginaar séen na fas di léttu.



Mu ree ne leen ciib.



Dem naa ca déeg ba naani.



Mu jàdd tase ak jasig daw daw.